




MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON
INITE KODINASYON PWOGRAM
NASYONAL ALIMANTASYON AK NITRISYON (UCPNANu)



**Bonjan fason pou bay yon tibebe manje
depi l fèk fèt jouk li rive 24 mwa**

Remèsiman

Reyalizasyon gid sa fèt gras ak sipò pèp ameriken ki pase pa USAID/Ayiti ak Ofis Lasante, Maladi atrapan ak Nitrisyon nan Biwo Lasante global ki chita nan Ajans Etazini pou Developman entènasyonal (USAID), selon Akò Koperatif No. GPO-A-00-06-00008-00, yo bay) nan Pwojè ak Asistans Teknik pou Alimantasyon Tibebe ak Timoun rive Venkat Mwa.

Lide ki nan gid sa a se lide moun ki ekri gid la, yo pa oblije reflete lide USAID, ni Gouvènman ameriken.



IYCN USAID's Infant
& Young Child
Nutrition Project

Prefas bwat imaj la

Move pratik alimante ansanm ak konsekans yo sou eta kwasans ak devlopman, sou sante epi soujan tibebe ki fek fet akjenn timoun rete vivan, se pi gwo obstak pou developman ekonomik dirab yon sosyete epitou pou diminye lamize.

Pandan OMS ak UNICEF t ap ekri estrateji mondyal sou alimantasyon timoun, yo mete anpil aksan sou enpotans reyel nitrisyon, diran premye mwa ak premye lane lavi timoun yo epitou, sou wol fondamantal yon alimantasyon apwopriye. Yo fe sa pou retout moun sonje malepandye move pratik alimante kapab genyen sou timoun.

Nan lemon, chak lane, anviwon 10.9 million timoun ki poko fete senkan yo pedi lavi yo. Apepre 35% nan yo mouri anvan yo gen yon lane. Nan lanmo sa yo, 60% se malnitrisyon ki lakoz. Yo ka anpechesa, paske lanmo sa yo gen pou we ak move pratik alimante. Anplis, 54% lanmo timoun ki fet epi manman gen jem SIDA gen pou we ak malnitrisyon paske yo manje pi mal, anpilladan yo fet tou piti epi yo anreta sou devlopman yo.

Rekomandasyon sante piblik kle: “bay tete selman pandan sis (6) premye mwa yo”, se pibon mwayen pou bay yon alimantasyon ideyal pou kwasans ak devlopman tout tibebe kelkilanswa estati li ak estati manman li, sitou si apre 6 premye mwa yo, let manman an marye ak yon alimantasyon konplemanste ki bon pou tibebe a, ki san danje, ki byen chwazi epi byen prepare.

Poutet sa, nan lane 2005, OMS, UNICEF, ONUSIDA ak FNUAP pibliye “VIR et l’alimentation du nourrisson”. Nan liv sa a yo mande gouvènman tout peyi kote kantite moun ki gen jem SIDA a wo anpil, pou yo pwoteje, ankouraje epi soutni let manman Selman pandan 6 premye mwa lavi tout tibebe epitou, rapousuiv bay tete jis yo gen 24 mwa, pandan y ap ajoute yon alimantasyon konplemanste ki ka soutni timoun nan epi ki san danje.

Pou manman ki gen jem SIDA epi ki gen tibebe, men kisa rekomandasyon OMS ak UNICEF la di: “le let atifisyel pou tibebe pa AFADS (Akseptab, Fezab, Abodab, Dirab, Senten) bay ,tete selman pandan 6 premye mwa lavi tibebe yo.

Lot rekomandasyon rapid OMS pibliye an Novanm 2009 ale pi lwen anko : yo pwopoze pou tout peyi pran desizyon sante piblik sou pi bon fason pou nourri tibebe ki pi apwopriye pou peyi pa yo. Si let manman selman se pi bon chwa pan-

dan sis premye mwa lavi yon tibebe, se le li rive 12 mwa pou yo fe AFADS la pou detemine si yo kapab sevre 1.

Si se vre bay tete selman se youn nan koz prensipal yon tibebe ka trape jem SIDA nan let manman 1, li vre tou pa bay tete ditou gen konsekans gray pou sante tibebe ak jenn timoun le manman yo ki gen SIDA pa bayo tete. Bay tete se lavi pou timoun yo, li diminye enfeksyon ak lot maladi timoun yo ka trape.

Avek tout kantite atik ki ekri sou alimantasyon nan sityasyon difisil tankou VIR, medikaman ARV pandan gwoses epi pandan ak apre akouchman, li pi fasH pou yon manman ki gen jem SIDA a rive chwazi pi byen ki alimantasyon ki pi bon pou tibebe li.

Ministe Sante Piblik ak Popilasyon nan peyi Ayiti kontan epi di mesi a tout patne 1 yo: OMS, UNICEF, USAID, IYCN, PEPFAR, Fonds Mondial, ONUS IDA epi patne Nasyonal yo ki ede 1 ekri “Nom Nasyonal” ki konsene politik alimantasyon pou tout tibebe ak jenn timoun, sa ki fet vanyan, sa ki ret epi manman yo gen jem SIDA, tousa, plis pase 25 lane apre yo te adopte Kod Komesalizasyon let atifisyel pou tibebe epi plis pase 15 lane apre aplikasyon pratik Deklarasyon Mondyal pou plan aksyon pou Nitrisyon, Deklarasyon “Innocent” epitou Inityativ Lopital Zanmi Tibebe.

MSPP rekomande pou yo itilize epi distribye liv sa a toupatou, pou enfomasyon ki ladann nan rive jwenn tout manman pou pemet yo chwazi pi bon alimantasyon pou pitit yo.



D. Alex Larsen
Dokte Lamedsin
Minis

Kijan pou sèvi ak gid sa a

Pou pèmèt tout kategori travayè sante k ap sèvi ak kat konselin ki nan bwat imaj la jwenn enfòmasyon yo pi fasil, nou ajoute yon liy koulè sou paj yo. Men kisa yo vle di:

Koulè vèt: Imaj sou alimantasyon nan sityasyon nòmal

Koulè wouj: Imaj sou alimantasyon ak VIH

Koulè zoranj: Imaj pou tout moun ki responsab timoun.

Men koman pou nou itilize imaj yo:

• **Si kliyan an ansent:**

- sèvi ak imaj nimewo 1: “kisa pou w manje ak bwè lè w ansent?”
- sèvi ak imaj nimewo 2: “kou tibebe a fèk fèt mete l nan tete la menm”
- sèvi ak imaj nimewo 4: “pandan 6 premye mwa yo, tibebe a bezwen lèt manman l sèlman”.

• **Si kliyan ap bay tete.** Sèvi ak imaj nimewo 3: “kisa pou w manje ak bwè lè w ap bay tete”.

• **Si kliyan an ansent oubyen l ap bay tete epi li poko fè tè s SIDA,** ankouraje l pou al fè tè s la.

- Si tè s la negatif, sèvi ak tout imaj ki pale sou fason pou tibebe ki poko gen 6 mwa manje (imaj 5-8, 11-13).
- Si tè s la pozitif, sèvi ak imaj nimewo 24: “Kisa w ka fè pou anpeche tibebe w pran maladi a” epi sèvi ak imaj nimewo 25: “Kijan w ka chwazi nouri tibebe w la ki poko gen 6 mwa”.

• **Si manman an gen jèm SIDA epi li vle sèvi ak lèt espesyal pou tibebe,** kesyon sou imaj 26 ka ede manman chwazi kouman pou nouri tibebe l la ki poko gen 6 mwa :

- Si lèt manman selman pandan 6 premye mwa se pi bon chwa, sèvi ak imaj ki pale sou bay tete (imaj 5-8, 11-13).
- Si manman toujou vle bay lòt lèt pou tibebe, sèvi ak imaj nimewo 27-28 ki gen enfòmasyon sou kijan pou bay yon tibebe manje. masyon sou kijan pou bay yon tibebe manje.

• **Si kliyan an gen tibebe ki poko gen 2 zan:**

- Mande l konbyen mwa bebe a genyen ak kijan li bay tibebe a manje.
- Si tibebe a poko gen 6 mwa, sèvi ak imaj ki pale sou bay tete (imaj 5-8, 11-13).
- Si tibebe a gen plis pase 6 mwa, sèvi ak imaj nimewo 15-18 ki bay enfòmasyon sou jan tibebe a dwe manje ant 6 ak 24 mwa ansamm ak imaj nimewo 19 sou 3 kalite manje yo.
- Si tibebe a malad, sèvi ak imaj 20 ak 21.

• **Si kliyan vle sevre tibebe li,** sèvi ak imaj nimewo 29 ki gen enfòmasyon sou sevraj.

• Imaj 9 se pou **manman ki gen marasa,** imaj 10 se pou **manman ki gen yon tibebe ki twò piti lè l fèk fèt.**

• Imaj 14, 22, 23 ak 30 **ou dwe itilize yo pou tout kliyan ki gen tibebe.**

Bonjan teknik pou bay konsèy



Li enpòtan pou tout travayè lasante gen bonjan teknik pou bay konsèy.































Teknik koute epi aprann

- Sèvi ak kominikasyon san pawòl :
 - Swa ou chita swa ou kanpe, kenbe je w menm wotè ak je kliyan an
 - Fè atansyon ak sa l ap fè oswa l ap di
 - Chita toupre l
 - Pran tan pou koute l
- Poze kesyon ki paka reponn pa “wi” oswa “non”, ki oblije l bay eksplikasyon
- Montre l w enterese nan sa l ap di w yo
- Reprann sa l sot di w yo
- Pa sèvi ak mo ki sanble w ap kritike l oswa w ap kondane l
- Pale klè pou bay enfòmasyon ak eskplikasyon

Kijan yon sesyon konsèy dwe byen fèt

- Prepare alavans tout materyèl w ap bezwen pou bay konsèy yo. Triye imaj w ap bezwen nan liv “bwat imaj la” epi sèvi avè l pou konsèy ou pral bay la.
- Bay kliyan an bonjan akèy, mete l an konfyans, fè l santi l alèz.
- Montre enterè pou tout tèt chaje, estrès oubyen pwoblèm kliyan an ka genyen.
- Fè l konpliman pou tout sa l fè ki byen.
- Idantifye pwoblèm sou nitrisyon kliyan an ka genyen. Lè w jwenn yo, eseye wè avè l sa k lakòz yo.
- Obsève kliyan an ansanm ak tibebe l la.
- Eseye reponn tout kesyon kliyan an ka poze w. Si w pa gen repons la, di l ou pral chache l epi w ap retounen enfòmè l. Si w pa jwenn enfòmasyon la p tann nan, w ap refere l nan sant sante ki pi pre l la oswa kote li abitye swiv la.
- Envite kliyan an retounen kote w si li bezwen plis eksplikasyon.
- Diskite ak kliyan an sou kèk bagay ki pi fasil pou l fè ki ka ede l jwenn solisyon ak pwoblèm yo.
- Ede l chwazi youn oswa de nan solisyon sa yo li dakò pou l eseye.

Bonjan fason pou bay yon tibebe manje depi l fèk fèt jouk li rive 24 mwa : Rezime

	0-6 mwa	6 mwa	7-8 mwa	9-11 mwa	12-24 mwa
		 	 	 	 
Maten					
10è					
Midi					
3è					
Aswè					

Manman, kisa pou w manje ak bwè lè w ansent



Manman, kisa pou w manje ak bwè lè w ansent

- **Lè w ansent ou dwe manje pi plis chak jou** paske tibebe k ap grandi nan vant ou a bezwen anpil eleman pou l byen devlope.
- **Pandan tout tan w ansent la, ou dwe pran yon ti goute anplis sa w konn manje chak jou yo.**
- **Ou dwe manje bonjan kalite manje selon sa w ka jwenn nan zòn kote w ap viv la:** lèt, vyann, pwason, ze, diri, mayi, pwa, legim tankou pwatann, fèy, anpil fwi. Yo menm, kelkilanswa jan yo ta ye a, frape oswa mou, pa konsidere yo kòm merilan, yo gen menm kantite vitamin nan.
- **Ou dwe bwè 8 vè dlo nan yon jounen , paske lè w pa bwè sa ka fè w santi w fatige, ba w maltèt.** Li pa bon pou bwè anpil kafe ak te. Li pa bon pou bwè yo tou pandan w ap manje paske yo anpeche kò a rale tout vitamin ki gen nan lòt manje yo.
- **Ou pa dwe bwè okenn bwason ki gen alkòl.** Ou pa dwe fimen ni viv bò kote moun k ap fimen. Yo pa bon ni pou sante w ni pou sante tibebe w la.
- Ou dwe pran **fè ak asid folik** pou w anpeche anemi lakay ou diran tout peryòd gwosès la rive 3 mwa apre w fin akouche. Tibebe w la tou bezwen asid folik la depi nan vant jouk li gen 6 mwa. Sèvi ak **sèl yode** pou ede sèvo ak kò tibebe w la byen devlope.
- **Fè tout posib ou pou al nan sant sante omwen 4 fwa pandan w ansent la.** Swen sa yo enpòtan anpil, y ap ede w swiv eta sante w epi ede w konnen kijan tibebe w la ap devlope nan vant ou.
- **Pwoteje sante w ak sante tibebe w.** Ou dwe pran tout medikaman doktè oswa miss la ba w lè w al nan vizit prenatal. Ou dwe dòmi anba moustikè pou anpeche marengwen mode w konsa w pa p fè lafyèv malaria. Al fè tès SIDA, pa janm manke yon sèl randevou doktè.
- **Timoun ki ansent twò bonè bezwen manje pi plis pase yon granmoun ki fè tibebe nan lè l.** Ou bezwen pran plis repo tou paske kò w poko fin grandi. Fò w manje byen pou kò w ka kontinye devlope ansanm ak tibebe ki nan vant ou a.

Kon tibebe a fèk fèt mete l nan tete la menm



Kon tibebe a fèk fèt mete l nan tete la menm

- **Kòman pou mete l nan tete la menm: depi tibebe w la fèk fèt, anvan menm yo koupe lonbrit la mete l kouche sou lestomak ou, nan mitan de tete w, po l sou po w pou l santi chalè kò w jan l te abitye depi nan vant.** Konsa l ap rete tou cho, l ap respire byen epi youn ap aprann konn lòt. Tibebe w la ap jwenn chemen tete a pou kont li epi l ap kòmanse souse la menm.
- **Si tibebe w la pa jwenn tete a pou kont li, pa kite 30 minit pase anvan w ede l. Mete l nan tete oumenm, anvan menm manman vant la sòti (anvan w delivre).** Li pi fasil pou tibebe w la aprann kijan pou l tete pandan tete yo poko rèd ak lèt epitou sa ede plasenta a sòti pi vit, sa anpeche emoraji.
- **Kolostwòm nan, se premye lèt jòn ki sòti nan tete a lè yon fanm fèk fin akouche. Li se premye vaksen, li enpòtan pou tibebe a.** Li ogmante rezistans tibebe a konsa li pwoteje l kont anpil maladi epi, li fè l rann tout goudwon ki nan vant li a konsa li pa bezwen pran lòk.
- **Bay tibebe w la tete souvan, konsa w ap gen anpil lèt.** Plis tibebe w la tete plis w ap gen lèt.
- **Tibebe w la pa bezwen ni dlo, ni te, ni okenn lòt likid depi l fèk fèt jouk rive 6 mwa.** Bagay sa yo pa nesèsè epi yo se danje pou sante li.

Manman, kisa pou w manje ak bwè lè w ap bay tete



Manman, kisa pou w manje ak bwè lè w ap bay tete

- **Lè w ap bay tete, ou bezwen manje pi plis chak jou,** paske kò w ap ponpe enèji tibebe w la bezwen pou l devlope.
- **Menm si w pa manje anpil oubyen manje w manje a pa balanse,** kontinye bay tibebe w la tete paske sa w manje pa ka deranje kalite ak kantite lèt la.
- **Pandan tout peryòd w ap bay tete a, ou dwe pran 2 ti goute anplis manje ou te konn pran an chak jou a.**
- **Ou dwe manje bonjan kalite manje selon sa w ka jwenn nan zòn kote w ap viv la:** lèt, vyann, pwason, ze, diri, mayi, pwa, legim tankou pwatann, fèy, anpil fwi. Yo menm, kelkilanswa jan yo ta ye a, frape oswa mou, pa konsidere yo kòm merilan, yo gen menm kantite vitamin nan. Tout sa se manje ki bon pou fanm k ap bay tete.
- **Ou dwe bwè 8 vè dlo pou pi piti nan yon jounen, paske lè w pa bwè sa ka fè w santi w fatige, ba w maltèt.** Li pa bon pou bwè anpil kafe ak te. Li pa bon pou bwè yo tou pandan w ap manje paske yo anpeche kò a rale tout vitamin ki gen nan lòt manje yo.
- **Fanm k ap bay tete pa dwe bwè okenn bwason ki gen alkòl.** Li pa dwe fimen ni viv bò kote moun k ap fimen. Yo pa bon ni pou sante l ni pou sante ti tibebe a.
- **Pwoteje sante w ak sante tibebe w.** Ou dwe pran tout medikaman doktè oswa miss la ba w lè w ale nan klinik pòsnatal (klinik pou fanm ki fin akouche). Ou dwe domi anba moustikè pou anpeche marengwen mode w konsa w pa p fè lafyèv malaria. Al fè tès SIDA si w pa t kò fè l, pa janm manke yon sèl randevou doktè.
 - Pandan 3 mwa omwen apre w fin akouche, pran fè ak asid folik pou anpeche anemi.
 - Pran vitamin A kou tibebe w la fèk fèt epi pandan 4 premye semèn yo, konsa tibebe w la ap jwenn vitamin A a nan lèt ou.
 - Sèvi ak sèl yode pou kò ak sèvo tibebe w la ka kontinye byen devlope.
- **Mande doktè a oswa miss la ki metòd planin ki bon pou swiv pandan w ap bay tete pou pa ansent twò vit.**
- **Fanm k ap bay tete, ou se nouris, se yon dwa w genyen pou w toujou gen moun bò kote w.** Fanmi w ak zanmi w dwe ede w nan tout bagay: pran swen tibebe a ak lòt timoun yo, fè travay nan kay la tou.
- **Timoun ki fè tibebe twò bonè bezwen manje pi plis pase yon granmoun ki fè tibebe nan lè l. Ou bezwen pran plis repo tou** paske kò w poko fin grandi. Fò w manje byen pou kò w ka kontinye devlope ansanm ak tibebe w la pandan li nan tete.

Pandan 6 premye mwa yo, tibebe a bezwen tete sèlman lajounen kou lanwit



Pandan 6 premye mwa yo, tibebe a bezwen tete sèlman lajounen kou lanwit

- **Lèt manman an bay tibebe a kantite dlo ak manje li bezwen pandan 6 premye mwa yo.** Sèvi ak lajan w pa depanse a pou achte lòt lòt pou nourir pwòp tèt pa w.
- **Menm si w pa manje anpil, kontinye bay tibebe w la tete paske sa w manje pa ka deranje kalite ak kantite lèt la.**
- **Anvan 6 mwa lestomak ak trip tibebe a wòwòt, se lèt manman sèlman li kapab dijere.**
- **Pa bay tibebe a lòt bagay.** Sèl lèt manman l sèlman, pa ba l ni dlo ni te, ni okenn lòt likid ka p ralanti sou kantite lèt nan tete manman an paske tibebe a pa tete jan li ta dwe.
- **Lè tibebe w la fin souse yon premye tete, li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou.** Konsa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe w la ap jwenn denye lèt la ki gen grès la nan premye tete a. Lè tibebe w la byen tete, sa ede w pwodui plis lèt epi vant tibebe w la byen plen.
- **Menm si li fè cho epi tibebe w la swe, sèl lèt manman an kont pou li pandan 6 premye mwa yo paske lèt manman gen tout dlo tibebe a bezwen ladann. Pa ba l dlo.**
- **Tete manman an toujou kenbe lèt la byen fre. Lèt manman pa janm gate.** Menm si w ta rete lontan anba yon flanm solèy, lèt nan tete w la pap janm vin cho, li toujou kenbe tanperati nòmal li.
- **Menm si w fè sezisman (tranbleman tè, siklòn, lanmò) toujou kontinye bay tete. Lèt ou toujou bon.** Pa gen afè lèt sezi ni lèt si. Si aprè yon sezisman kantite lèt nan tete w bese, ou dwe kontinye bay tibebe w la tete pi souvan epi lèt la ap retounen pou kont li. Fè aktivite ki ka ede w rilaks, sa va ede lèt la desann. Men lòt konsèy ankò ki ka ede lèt la desann aprè yon sezisman:
 - fè tibebe w la santi chalè kò w
 - chèche rete nan mitan moun ki dispoze koute w, ki ka ba w sipò epi ki ka ba w kèk konsèy pratik
 - chak fwa w mete tibebe w la nan tete rilaks kò w epi imajine lèt la k ap koule
 - bwè yon te cho pou kalme w.
- **Si w panse w pa gen ase lèt, oubyen si w ta gen lòt kalite pwoblèm sou zafè alètman an, mande konsèy nan sant sante ki pi pre w la.**
- **Si tibebe w la malad ba l medikaman yo preskri pou li yo.**

Gen anpil avantaj lè w bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo



Gen anpil avantaj lè w bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo

- **Bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo** se sèl sa tibebe w la bezwen pou l devlope pandan peryòd sa a.
- **Lèt manman se pi bon manje pou tibebe.** Li toujou disponib, li pwòp, li fasil pou dijere. Li ede sèvo ak kò tibebe a devlope.
- **Bay tete sèlman pandan 6 premye mwa yo pwoteje tibebe a** kont anpil vye maladi tankou dyare, alèji ak vèmin, enfeksyon nan bwonch ak poumon.
- **Anvan 6 mwa, pandan tibebe a ap tete a, pa janm ba l lòt manje tankou lèt espesyal pou tibebe, dlo, ji oswa te. Se sa yo rele nan lang franse "alimantasyon miks".** Sonje, anvan yon tibebe gen 6 mwa, lestomak ak trip li wòwòt se lèt sèlman li kapab dijere. Lè tibebe a pran alimantasyon miks la li gen plis chans pou l vin malad, fè malnitrisyon ak anpil lòt maladi tankou dyare ak enfeksyon nan bwonch ak poumon.

Enfòmasyon pou pa bliye:

Si manman an gen jèm SIDA, sèvi ak imaj nimewo 24-28 ki gen enfòmasyon sou kijan pou bay yon tibebe manje.

Bay tibebe w la tete souvan pou w ka gen anpil lèt



Bay tibebe w la tete souvan pou w ka gen anpil lèt

- **Bay tibebe w la tete lajounen kou lanwit.** Yon titibebe dwe tete 8 – 12 fwa pa jou pou piti, konsa w ap toujou gen lèt epi tibebe w la ap devlope ansante. Plis tibebe w la tete plis w ap gen lèt.
- **Pa janm ba l lèt manje tankou lèt atifisyèl pou tibebe, dlo, ji oswa te.** Se sa yo rele nan lang franse “alimantasyon miks”.
- **Si tibebe w la ap dòmi oswa si l malad fòk ou reveye l pou w ba l tete.**
- **Pa tann tibebe w la kriye pou ba l tete.** Men siy ki ka montre w li grangou:
 - Lè li ap bat kò l
 - Lè bouch li louvri, l ap vire tèt li adwat agòch
 - Lè li mete lang li deyò epi l ap rantre l tanzantan
 - Lè li ap souse dwèt oswa ponyèt li yo.
- **Lè tibebe a fin souse yon premye tete, li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou.** Konsa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe ap jwenn denye lèt la nan premye tete a. Lè w chanje tete a twò vit, sa fè l pèdi denye lèt ki gen grès la, ki nourisan pou li epi ki plen vant li.
- Si w ta remake lèt ou ralanti apre yon gwo emosyon (tranblemandtè, siklòn, lanmò), oubyen ou pa t menm kote ak tibebe w la pandan yon tan, mete l nan tete pi souvan epi lèt la ap retounen kòm sadwa.
- **Pa sèvi ak bibwòn, sousèt oswa gode ak bèk.** Yo difisil anpil pou netwaye epi yo ka lakòz maladi dyare.

Enfòmasyon pou pa bliye:

Si yon manman panse tete l yo pa gen ase lèt, pale avè l, ankouraje l kwè

nan tèt li, bali konsèy sou divès pozisyon pou l mete tibebe l la poul pran

tete a byen. Eksplike l tibebe l la ap jwenn ase lèt lè:

- Li pa mèg (oubyen li vin pran pwa si li te mèg)
- Li byen vini pou laj li
- Li pipi klè 6 fwa oubyen plis pa jou (si tibebe a t ap bwè sewòm oral enfòmasyon sa a pa itil).
- Li gwosi – itilize kat chemen lasante (si tibebe a pa pran pwa ase, ankouraje manman an ale nan sant sante ki pi pre l la).

Kouman w ka rekonèt bouch tibebe a byen pran tete a?

1



2



5



3



4



Kouman w ka rekonèt bouch tibebe a byen pran tete a?

- **Manman, byen pran tete a ede ni oumenm ni tibebe w la.** Byen pran tete a ede w santi tibebe w la ap byen rale lèt la k ap koule byen. Byen pran tete a anpeche pwent tete a blese, anpeche tete a fè w mal.
- **Gen 4 bagay ki montre yon tibebe pran tete a byen:**
 1. Bouch tibebe a louvri byen gran
 2. Ou wè plis nan pati nwa tete a anlè bouch tibebe a
 3. Po bouch anba tibebe a tounen lanvè
 4. Manton tibebe a touche tete manman l.
- **Kijan w rekonèt lè tibebe w la byen tache nan tete w epi li rale lèt la byen fasil:**
 - Li souse lèt la dousman men lontan, epi li fè yon ti poze tanzantan
 - Ou tande epi w wè l k ap vale
 - Li souse alèz epi w pa santi doulè nan pwent tete w yo
 - Li lage tete a pou kont li lè li fin bwè tou lèt la, epi li kontan
 - Tete a vin plat.
- **Lè tibebe w la fin souse yon premye tete, li fin rann gaz, ou ka ba l tete nan lòt la si li bezwen toujou.** Konsa w ap ankouraje lèt la kontinye koule nan toulede tete yo, epi tibebe w la ap jwenn denye lèt la nan premye tete a. Lè tibebe w la byen tete sa ede w gen plis lèt, epi vant tibebe w la byen plen.
- **Fòk chak tete jwenn chans li pou l fè anpil lèt.** Si w te kòmanse ak tete dwat, prochen fwa kòmanse ak tete gòch la.

Enfòmasyon pou pa bliye:

- Si pwent tete yon manman ki gen jèm SIDA blese, li pa dwe kontinye bay tibebe l la tete ladan l. Li ka bay tete nan yon sèl tete jiskaske lòt la geri, l ap tire epi jete lèt ki nan tete malad la. (**Ajandsante**, ankouraje manman sa a pou l ale nan sant sante touswit).
- Si toulede tete yo gen pwoblèm, pandan yon ti tan, manman an ka pire lèt la epi trete l ak chalè jiskaske toulede tete yo geri nèt (al gade imaj nimewo 25).

Divès pozisyon pou bay tete



Divès pozisyon pou bay tete

- **Manman, yon bon pozisyon ap ede ni oumenm ni tibebe w la.**
Yon bon pozisyon ap ede w santi tibebe w la ap byen rale epi lèt la ap koule byen. Yon bon pozisyon anpeche doulè nan pwent tete yo epi anpèche yo blese.
- **Li enpòtan pou w santi w alèz** pandan tibebe w la ap tete. Kenbe tibebe w la toupre kò w (pa panche ale jwenn li).
- **Fòk 4 dwèt ou anba pou soutni tete a epi dwèt gwo pous la** anwo nan pati nwa tete a. **Dwèt yo pa dwe kenbe tete tankou sizò.** Fason sa a ka peze kannal ki bay lèt yo epi anpeche lèt la koule.
- **Kijan w rekonèt tibebe w la nan bon pozisyon pou l tete:**
 - **Kò l dwe rete dwat** ki vle di pa koube do l. Tèt li dwe chita nan koud bra w menm si li ka fè yon ti panche pa dèyè, pla men dwe soutni deyè l, lòt men an ap karese l. Se pa sèlman deyè tèt tibebe w la ak zepòl li pou w kenbe, **men fòk bra w kapab sipòte tout kò l**
 - **Vant li dwe kole sou vant pa w**
 - **Li dwe fas a fas avè w**, yon fason pou youn ka gade lòt nan je.

- **Gen divès pozisyon p bay tibebe w la tete:**

- Pozisyon « madòn ». Se pozisyon manman yo plis konnen an Ayiti
- Pozisyon « madòn modifye » (sitou pou tibebe piti)
- Pozisyon kouche sou kote (lè w ap pran yon ti repo oubyen lanwit)
- Pozisyon « ti valiz » (sitou pou pou tibebe piti, lè w te fè sezaryèn ak lè w ap bay marasa tete)

Enfòmasyon pou pa bliye:

Lè tibebe a gen 2 mwa, depi li byen pran tete a, l alèz, epi l ap byen grandi, ou pa bezwen aprann manman lòt pozisyon.

Divès pozisyon pou bay marasa tete



Divès pozisyon pou bay marasa tete

- **Menm lè w fè marasa, ou ka toujou bay tete sèlman rive 6 mwa. Plis ou bay tibebe yo tete, se plis w ap gen plis lèt.**
- **Yon bon pozisyon ap ede ni oumenm ni tibebe yo.** Yon bon pozisyon ap ede w santi tibebe w yo ap byen rale epi lèt la ap koule byen. Yon bon pozisyon anpeche doulè nan pwent tete yo epi anpèche yo blese.
- **Li enpòtan pou w santi w alèz** pandan tibebe w yo ap tete. Kenbe yo pre kò w (pa panche ale jwenn yo).
- **Kijan w rekonèt tibebe w yo nan bon pozisyon pou yo tete:**
 - **Tibebe yo dwe fas a fas avè w** yon fason pou ka gade yo nan je
 - **Kò yo dwe rete dwat** ki vle di pa koube do yo
 - Vant tibebe w yo dwe kole sou vant pa w. Se pa sèlman dèyè tèt yo ak zepòl yo pou w kenbe, men fòk bra w kapab sipòte tout kò yo **(si se pozisyon madòn)**
 - Chak tèt nan yon pla men w **(pozisyon ti valiz).**

- **Gen divès pozisyon pou w bay tibebe w yo tete ansanm:**

- Pozisyon "madòn"
- Pozisyon "ti valiz"
- Yon tibebe nan pozisyon "madòn" ak yon tibebe nan pozisyon "ti valiz".

- **Enfòmasyon pou pa bliye:**

- Lè tibebe w yo kòmanse pi gran, depi yo byen pran tete a, epi yo alèz, ou ka aprann yo tete nan lòt pozisyon.
- Montre manman an ki gen marasa pozisyon pou yon sèl tibebe tou.

**Kisa ou ka bay yon tibebe ki
twò piti lè l fèk fèt ?**



Kisa w ka bay yon tibebe ki twò piti lè l fèk fèt?

- **Pozisyon “madòn modifye” ak pozisyon “ti valiz” se 2 bon pozisyon yon manman ka adopte pou yon tibebe ki twò piti lè l fèk fèt** paske sa pèmèt ou kontwole si tibebe w la pran tete a byen.
- **Bay tibebe w la tete omwens chak 2-3 zèdtan** pou li pran abitid tete epi pou w ka toujou gen lèt.
- **Li enpòtan pou w kenbe tibebe w la nan tete toutan.** Li piti, li pa ka tete vit, li bezwen anpil tan pou l tete.
- **Si tibebe w la dòmi plis pase 3 zèdtan,** fò w reveye l pou w bali tete. Retire rad sou li, se yon fason w ka itilize pou reveye l dousman.
- **Pa tann tibebe w la kriye pou ba l tete.** Men siy ki ka montre w li grangou:
 - Lè li ap bat kò l
 - Lè bouch li louvri, l ap vire tèt li adwat agòch
 - Lè li mete lang li deyò epi l ap rantre l tanzantan
 - Lè l ap souse dwèt oswa ponyèt li yo.

Enfòmasyon pou pa bliye :

- **Yon manman toujou bezwen sipò pou aprann kijan pou tibebe l la pran tete a byen,** epitou li bezwen aprann divès pozisyon.
- **Pafwa yon tibebe ki twò piti lè l fèk fèt pa kapab tete manman l ditou.** Nan ka sa a, manman an bezwen aprann kijan pou l pire lèt la epi kijan pou l bay li nan yon gode oubyen ak yon ti kiyè ; chak gout enpòtan (imaj nimewo 12). **Se sitou lè tibebe a fèt twò piti menm, li plis bezwen lèt manman l sèlman.**

Ankouraje manmam an pire kont lèt li pou l pa bezwen sèvi ak lòt lèt pou tibebe l la oswa ba l lòt lèt ansamm ak lèt pa l (sa yo rele nan lang franse “alimantasyon mik”). Pou ede lèt la koule, manman an dwe kòmanse pire lèt li depi tibebe a fèk fèt.

Metòd Po sou Po:

- Mete tibebe w la kouche sou lestomak ou nan mitan de tete w, po l kole ak po w (kite l ak kouchèt epi bone sèlman). Janm li dwe koube. Mare tibebe w la sou lestomak ou ak yon gwo moso twal.
- Pozisyon sa a kenbe tibebe a po sou po ak manman l, li santi chalè po kò manman l toupre tete manman l. Konsa tibebe a ap respire pi byen epi kè li ap bat pi byen tou. Sant manman l, santi po manman l sou po pa l, chalè manman l, vwa manman l, epi gou lèt manman w ap ede l vin aprann tete byen.
- Metòd po sou po a favorize inisyasyon prekòs epi bay tete sèlman, menm si tibebe a pran lèt manman l nan yon gode. Epitou manman ap bay tibebe l la tete pi plis paske yo preske pa janm separe.
- Li enpòtan pou lòt moun k ap bay manman an koutmen ak tibebe a sèvi ak metòd po sou po a tou.

Men kijan pou pire lèt manman ak men

1



2



3



4



5



Kijan pou pire lèt manman ?

- **Savonnen men w epi vide dlo pou rensè yo lè w pral pire lèt nan tete w.**
- **Gode ak kouvèti pou pire lèt la epi gode pou tibebe a bwè dwe byen lave epi cheche nan solèy.**
- **Fòk ou santi w alèz.** Chwazi pozisyon w santi w pi alèz la (chita oswa kanpe), yon kote ki pa gen okenn bri. Pou fè lèt la koule byen, mase tete yo osinon mete yon moso twal cho sou yo. Panse a tibebe w la oubyen gade l'ede lèt la desann tou.
- **Lè w ap pire lèt ou, mete gwo pous ou anwo pati nwa tete a,** epi soutni tete a pa anba ak lòt kat dwèt yo.
- **Sèvi ak gwo pous la epi dwèt indèks ak dwèt majè yo** pou w peze lèt la sòti kòmanse nan pati nwa tete a rive nan pwent la.
- **Lèt la ka kòmanse gout pa gout apre l ap koule nòmalman.** Fòk ou pire lèt la nan yon vesò pwòp.
- **Pa fwote po tete w** pou pa blese pwent tete a.
- **Moun ki gen gwo tete yo dwe fè yon ti soulve tete yo** anvan li kòmanse pire lèt la.
- **Vire dwèt yo tanzantan pou w asire w ou vide tout kannal ki bay lèt yo,** pandan w ap kontinye fè menm mouvman pouse dèye, peze devan.
- **W ap fè mouvman pire lèt la nan yon tete pandan 3 a 5 minit** jiskaske tete a pa vide lèt la fò ankò epi w ap fè menm bagay la nan lòt tete a. W ap fè menm bagay la nan chak tete de fwa (20 a 30 minit).
- **Kònsève lèt la byen kouvri nan yon gode byen pwòp.** Lèt sa ka rete fre diran 8 èdtan san l pa ale nan frijidè pandan w ap mete gode a chita nan yon asyèt ki gen dlo fre. Si w gen frigidè, lèt la ka konsève pandan 24 èdtan, yon mwa nan frizè. Men depi lèt la sòti nan frizè li fonn, li tounen lèt likid, fòk ou sèvi ak li san pèdi tan.

Kijan pou bay lèt manman nan gode?

1




2



3



4



Kijan pou bay lèt manman nan gode?

- **Savonnen men w epi vide dlo pou rensè yo** lè w pral bay tibebe w la lèt ou pire a.
- **Gode ak kouvèti epi gode pou tibebe w la bwè dwe byen lave epi cheche nan solèy.**
- **Bay tibebe w la lèt ou pire a nan yon lòt gode. Vide sèlman kantite lèt ou bezwen pou tibebe w la nan gode l ap bwè a.** Moun k ap okipe tibebe w la dwe toujou vide ti kras plis lèt pase sa l konn bwè sizoka li ta vle bwè plis. Men tou si tibebe w la pa bwè tout sa ki nan gode a, se pou w jete rèz la.
- **Pa vide lèt la nan bouch tibebe w la;** poze gode a sou po bouch anba a epi kite l rale lèt ak lang li.
- **Se yon gwo danje pou w bay tibebe w la manje nan bibwon oubyen nan gode ak bèk** paske yo pa lave fasil, yo kenbe mikwòb, yo ka fè tibebe w la malad.

Kisa w ka fè lè w bezwen soti ?



Kisa w ka fè lè w bezwen soti ?

- **Si w gen pou retounen travay oubyen pou sòti plis pase 2 zèdtan, ou pap bezwen kanpe bay tete sèlman pou sa. Men kèk konsèy:**

- Aprann pire lèt ou depi tibebe w la fèk fèt epi detanzantan aprann li bwè nan gode
- Lè w lakay, pwofite bay tete pi plis epi pi lontan, sitou leswa ak lè wikenn
- Anvan w sòti, pire lèt kite pou tibebe w la
- Pandan w nan travay toujou kontinye pire lèt la; sa ap ankouraje lèt la kontinye desann epi sa ap anpeche tete w gonfle. Fòk ou toujou fè sa, menm si w pa gen posiblite konsève lèt la.

- **Aprann moun k ap pran swen tibebe w la kijan pou l sèvi ak gode pou bay tibebe w la manje lè w pa la.** Asire w li lave men l byen pwòp anvan li manyen tout bagay k ap sèvi pou tibebe a.

- **Pa bliye lèt ou pire mete la a, ka konsève nan yon veso byen pwòp byen kouvri, pandan 8 èdtan.** Toujou mete veso ki gen lèt la chita nan yon asyèt dlo fre.

- **Si sa posib mennen tibebe w la nan travay ou osinon deplase al jwenn li;** si sa pap bay pwoblèm, mande moun k ap okipe l la mennen l kote w ye a.

- **Mande fanmi w ede w** pran swen tibebe w la ak lòt timoun yo epitou ede w nan travay kay la.

Enfòmasyon pou manman ki travay nan biwo oswa nan faktori:

- Daprè lwa peyi Ayiti, travay ou dwe w konje matènite peye: 3 mwa si w travay nan leta, 6 semèn si w nan prive men nan ka sa a ou gen dwa pran 6 semèn anplis san w pa touche pou yo.

Pale ak patwon w pou:

- posiblite pou fè alètman kote w ap travay la.
- posiblite pou l ka pemèt ou genyen yon orè travay ki fleksib pandan 6 premye mwa yo.
- posiblite pou w konsève lèt ou pire a nan travay la.

Kenbe liyyèn anpeche maladi




Kenbe liyèn anpeche maladi

- **Pratike liyèn nan manje ak nan kò anpeche dyare ak plizyè lòt maladi rantre sou tibebe w la.** Lè w mennen tibebe w la pwòp, menm dyare dantisyon pap rantre sou li.
- **Pou w sa toujou kenbe men w pwòp, mete tout sa w ap bezwen pou lave men w yon sèl kote.** Pa egzanp yon galon dlo, yon kivèt, yon gode, yon savon, tout nan yon ti kwen espesyal pou sa.
- **Pou lave men w kòmsadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rensè yo. W ap souke yo epi kite yo cheche nan lè.**
- **Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.**
- **Lave men w ak men tibebe w la nvan w bali manje.**
- **Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oswa pipi.**
- **Lave men w lè w fin manyen bèt** (chen, chat, poul).
- **Lave men w lè w pral pire lèt nan tete w. Gode ak kouvèti epi gode pou tibebe a bwè dwe byen lave epi cheche nan solèy.**
- **Bay tibebe w la manje ak men w byen pwòp, sèvi ak veso ak kiyè pwòp.**
- **Pa sèvi ak bibwòn, sousèt oubyen gode ak bèk, paske yo difisil pou netwaye, konsa yo ka fè tibebe w la malad.**
- **Konsève manje ak veso ki sèvi pou tibebe w la nan yon espas ki pwòp.**
- **Pa bay tibebe w la rèss manje ki te la pou plis pase 2 zèdtan si li pat nan frijidè. Manje ki te nan frigidè pou plis pase 24 trèdtan, ou dwe byen chofe manje sa a anvan w bay tibebe w la manje l.**

Enfòmasyon pou pa bliye :

Toujou gen anpil mikwòb apre yon dezas fin pase. Nan lè sa yo, li pi enpòtan ankò pou w adopte lapwòpte ak liyèn lakay ou.

Lè li gen 6 mwa, komanse bay tibebe a manje anplis tete



Lè li gen 6 mwa, komanse bay tibebe a lòt manje anplis tete

- **Kou tibebe w la gen 6 mwa li bezwen lòt manje pou kore lèt manman an,** paske nan laj sa a lestomak li ak trip li vin devlope, li pare pou l resevwa lòt manje.
- **Pa neglije bay tibebe w la tete nenpòt kilè li mande sa, lajounen kou lanwit.** Sa ap pèmèt li devlope ansante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w bal nenpòt ki lòt bagay.**
- **Pa enkyete w si tibebe w la pa vle manje anpil** paske a 6 mwa li pa bezwen manje anpil (se jis pou w fè l fè konesans ak lòt manje).
- **Lè w decide mete tibebe w la sou lòt manje, fòk ou sonje bagay sa yo:** frekans, kantite, epesè, varyete, ankourajman ak liyèn:
 - **Frekans:** An plis tete yo, bay tibebe w la manje 2 fwa pa jou.
 - **Kantite:** Chak fwa w gen pou w bay tibebe w la manje, bali 2 oswa 3 kiyè soup manje pou l ka kòmanse abitye avèk yo.
 - **Epesè:** Manje a dwe fèt epè pou l pa koule nan kiyè a. Pa mete anpil dlo ladann.
 - **Varyete:** Kòmanse bay tibebe w la labouyi byen epè (mayi, diri, piti mi, pomdetè, manyok, bannann).
 - **Ankourajman:** Nan premye jou yo tibebe w la ka pa vle pran lòt manje nan plas tete yo. Pran pasyans ak li epi ankouraje l manje. Toujou kenbe l sou kwis ou lè oumenm w ap manje.
- **Liyèn:** Li bon pou w pratike liyèn, konsa tibebe w la pap tone malad, ni gen dyare.
 - Pou lave men w kòmsadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rensè yo. W ap souke yo epi w ap kite yo cheche nan lè.
 - Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
 - Lave men w ak men tibebe w la anvan w bali manje epi sèvi l nan vesò byen pwòp.
 - Mete manje tibebe w la ak tout sa wap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
 - Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
 - Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oubyen fin fè pipi.

Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:

- Bayo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt anpoud swa lèt likid
- Bayo 1 osinon 2 repa anplis chak jou
- Bayo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè l fè cho)
- Bayo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Bayo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin (imaj nimewo19)

Kijan pou bay tibebe 7-8 mwa manje?



Kijan pou bay tibebe 7-8 mwa manje?

- **Pa neglije bay tibebe w la tete tout lè li mande sa**, lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope ansante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w bali nenpòt ki lòt bagay.**
- **Fòk ou sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: frekans, kantite, epèsè, varyete, ankourajman ak liyèn:
 - **Frekans:** Bay tibebe w manje 5 fwa pa jou: 3 manje kwit ak 2 ti goute. Menm si l manje leswa sa pap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lanwit. **Yon ti goute se yon manje enpòtan** tibebe w la dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
 - **Kantite:** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive ½ gode nòmal la. Bay tibebe w la manje nan asyèt pa li, konsa ou ka kontwòle kantite manje li manje.
 - **Epèsè:** Manje a dwe fèt epè pou l pa koule nan kiyè a. Pa mete anpil dlo ladann. Ou ka prepare yon manje kraze tou. A 8 mwa tibebe w la dwe kòmanse kenbe manje nan men l pou mete nan bouch li.
 - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe w la manje (3 kalite manje, gade detay yo sou imaj nimewo 19 la) **1. Manje ki bay fòs** tankou sereyal ak rasin + **2. Manje ki pwoteje kò** tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ak minewo ladan yo: fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil + **3. Manje ki konstwi kò** tankou manje yo jwenn nan bèt : vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli. **Toujou sonje, manje ki sòti nan bèt yo enpòtan anpil, tibebe w la kapab manje yo san danje .**
 - Ant 6 a 8 mwa, poko mete ni sèl ni sik nan manje tibebe w la.
 - Chak semèn ajoute yon kalite manje nan manje tibebe w la.
 - Pa bay tibebe w la bwè likid sikre, kafe ak te.
 - Pa pran abitud bay tibebe w la bonbon dous ak sirèt.
- **Ankourajman :** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankou raje l manje, sa pap deranje l.
- **Liyèn:** Li bon pou w pratike liyèn, konsa li pap tonbe malad, ni gen dyare.
 - Pou lave men w kòm sadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rensè yo. W ap souke yo epi kite yo cheche nan lè.
 - Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
 - Lave men w ak men tibebe w la anvan w bali manje epi sèvi l nan veso byen pwòp.
 - Mete manje tibebe w la ak tout sa w ap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
 - Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
 - Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oubyen pipi.

Enfòmasyon sou gwozè gode yo:

Tout gode nou wè nan 3 imaj sou lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:

- Bayo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt anpoud oubyen lèt likid bebe
- Bayo 1 osinon 2 manje anplis chak jou
- Bayo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè fè cho)
- Bayo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Bayo manje ki gen anpil vitamin A, fè , yòd ak lòt vitamin (kat 19).

Kijan pou bay tibebe 9-11 mwa manje?



Kijan pou bay tibebe 9-11 mwa manje?

- **Pa neglije bay tibebe w la tete tout lè li mande sa,** lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope ansante, paske lèt manman se bagay ki pi enpòtan nan fason pou bay tibebe manje.
- **Toujou bay tibebe w la tete anvan w bali nenpòt ki lòt bagay.**
- **Ou dwe sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: frekans, kantite, epèsè, varyete, ankourajman ak liyèn:
 - **Frekans:** Bay tibebe w la manje 5 fwa pa jou: 3 manje kwit ak 2 ti goute. Menm si l manje leswa sa pap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lanwit. **Yon ti goute se yon manje enpòtan** tibebe w la dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
 - **Kantite :** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive 2/3 yon gode nòm. Bay tibebe w la manje nan pwòp asyèt pa l, konsa w sèten li manje tout kantite w mete pou li a.
 - **Epèsè:** Pran enpe nan manje ki kwit pou fanmi an, kraze l oubyen rache l piti piti. Fòk manje tibebe a gen epèsè, li pa fèt pou l dlo, menm si se labouyi.
 - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe w la manje 3 kalite manje, gade detay sou imaj nimewo 19 la) **1. Manje ki bay fòs** tankou sereyal ak rasin + **2. Manje ki pwoteje kò** tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ladan yo : fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil) + **3. Manje ki konstwi kò** tankou manje yo jwenn nan bèt tankou : vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli. Toujou sonje, **manje ki sòti nan bèt yo enpòtan anpil, tibebe kapab manje yo san danje :**
 - Sèvi ak sèl yode.
 - Pa bay tibebe w la bwè bwason sikre, kafe ak te.
 - Pa pran abitid bay tibebe w la bonbon sikre ak sirèt.
 - **Ankourajman:** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankouraje l. Ankouraje yon tibebe manje se pa menm ak fòse l manje, sa pap bali gonfleman.
- **Liyèn:** Li bon pou w pratike liyèn, konsa tibebe w la pap tonbe malad, ni gen dyare.
 - Pou lave men w kòm sadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou renswe yo. W ap souke yo epi w ap kite yo cheche nan lè.
 - Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
 - Lave men w ak men tibebe w la anvan w bali manje epi sèvi l nan veso byen pwòp.
 - Mete manje tibebe w la ak tout sa w ap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
 - Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
 - Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oubyen lè li fin fè pipi.

Enfòmasyon sou gwosè gode yo:

Tout gode nou wè nan 3 imaj sou lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman, mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:

- Bayo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe, swa lèt anpoud oubyen lèt likid
- Bayo 1 osinon 2 manje anplis chak jou
- Bayo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè li fè cho)
- Bayo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Bayo manje ki gen anpil vitamin A, fè, yòd ak lòt vitamin (imaj nimewo 19).

Kijan pou bay tibebe 12-24 mwa manje?



Kijan pou bay tibebe 12-24 mwa manje?

- **Pa neglije bay tibebe a tete tout lè li mande sa**, lajounen kou lanwit. Sa ap pèmèt li devlope ansante, paske lèt manman toujou enpòtan nan fason pou w bay yon tibebe manje.
- **Pandan dezyèm lane tibebe w la, lèt manman reprezante preske 1/3 (entyè) manje li bezwen.**
- **Ou dwe sonje bagay sa yo** lè w ap prepare manje pou tibebe w la: frekans, kantite, epèsè, varyete, ankourajman ak liyèn:
 - **Frekans:** Bay tibebe w la manje 5 fwa pa jou: 3 manje ak 2 ti goute. Menm si l manje leswa sa pap deranje l paske kò l bezwen plis fòs ak enèji pou l devlope pandan lan nwit. **Yon ti goute se yon manje enpòtan** tibebe a dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pomdetè bouyi, patat, yon moso pen.
 - **Kantite:** Piti piti ogmante kantite manje a jis li rive yon (1) gode. Bay tibebe a manje nan pwòp asyèt pa l, konsa ou sèten li manje tout kantite ou mete pou li a.
 - **Epèsè:** Pran enpe nan manje ki kwit pou fanmi an, kraze l oubyen rache l piti piti. Fòk manje tibebe a gen epèsè, li pa fèt pou l dlo, menm si labouyi.
 - **Varyete:** Bay divès kalite manje chak fwa w ap bay tibebe a manje (3 kalite manje, gade detay sou imaj nimewo 19 la) **1. Manje ki bay fòs** tankou sereyal ak rasin + **2. Manje ki pwoteje kò** tankou fwi ak legim ki gen tout kalite vitamin ak minewo ladan yo : fèy vèt, fwi ak legim jòn ki gen vitamin A enpòtan anpil + **3. Manje ki konstwi kò** tankou manje yo jwenn nan bèt tankou : vyann, poul ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli. **Manje ki sòti nan bèt yo enpòtan anpil, tibebe kapab manje yo san danje.**
 - Sèvi ak sèl yode.
 - Pa bay tibebe w la bwè likid sikre, kafe ak te.
 - Pa pran abitud bay tibebe w la bonbon dous ak sirèt.
- **Ankourajman:** Fòk ou gen anpil pasyans ak tibebe w la epi ankouraje l. Ankouraje yon tibebe manje se pa menm ak fòse l manje, sa pap bali gonfleman.
- **Liyèn:** Li bon pou w pratike liyèn, konsa tibebe w la pap tonbe malad, ni gen dyare.
 - Pou lave men w kòm sadwa w ap savonnen yo epi w ap vide dlo pou rense yo. W ap souke yo epi kite yo cheche nan lè.
 - Lave men w anvan w prepare manje pou tibebe w la.
 - Lave men w ak men tibebe w la anvan w bali manje epi sèvi l nan veso byen pwòp.
 - Mete manje tibebe w la ak tout sa wap sèvi pou li nan yon ti kote byen pwòp.
 - Si manje kwit la rete deyò plis pase 2 zèdtan, pa bay tibebe w la manje l.
 - Lave men w lè w sòti nan latrin oubyen aprè tibebe w la fin pou pou oswa lè l fin fè pipi.

Enfòmasyon sou gwosè gode yo:

Tout gode nou wè nan 3 imaj lòt manje pou tibebe yo anplis lèt manman mezire 250 cc (8 ons). Si yon kliyan ap sèvi ak lòt kalite gode pou tibebe l, fòk nou mezire epi make kantite manje ki koresponn ak laj tibebe a.

Enfòmasyon pou tibebe ki pa nan tete:

- Bayo 1 osinon 2 gode lèt anplis chak jou. Ou dwe sèvi ak lèt espesyal pou tibebe swa lèt anpoud swa lèt likid
- Bayo 1 osinon 2 manje anplis chak jou
- Bayo plis dlo chak jou (2 a 3 gode lè l pa fè cho oswa 4 a 6 gode lè li fè cho)
- Bayo manje ki rich ak asid gra tankou pwason, pistach, wowoli ak zaboka
- Bayo manje ki gen anpil vitamin A, fè , yòd ak lòt vitamin (imaj nimewo 19).

Prepare manje tibebe a ak plizye kalite manje



manje ki pwoteje kò



manje ki konstwi kò



manje ki bay fòs

Prepare manje tibebe a ak plizye kalite manje

- **Kontinye bay tibebe w la tete jouk li rive 2 zan epi bali manje 3 kalite manje yo:**

1. Manje ki pwoteje kò tankou fwi ak legim ki gen anpil vitamin ak vitamin A (mango, papay, grenadya, zoranj, fèy vèt fonce, kawòt, patat jòn, joumou) ak lòt fwi ak legim (bannann, anana, melon, tomat, zaboka)-**Dezyèm kalite manje**

2. Manje ki konstwi kò tankou manje yo jwenn nan bèt :vyann, pou l ak zwazo, ze, lèt ak tout sa yo fè ak lèt ; pwa, pistach, manba, wowoli-**Twazyèm kalite manje. Manje ki soti nan bèt yo enpòtan anpil, tibebe w la kapab manje yo san danje:** fòk yo byen kwit epi rache ti moso ti moso.

3. Manje ki bay fòs tankou sereyal (mayi, diri, pitimi) ak rasin (manyòk, pòm detè)-**Premye kalite manje**

- **Bali 1 oswa 2 ti goute.** Yon ti goute se yon manje enpòtan tibebe w la dwe pran nan mitan manje kwit yo. Yon ti goute ka yon moso mango, papay, fig, zaboka, tout lòt kalite fwi ak legim, yon pòm detè bouyi, patat, yon moso pen.
- Si w ap sèvi ak sèl, sèvi ak sèl yode, men pa mete anpil.
- Ze, pwason, joumou, patat, bon pou tibebe w la epi yo pa p ba l pwoblèm gonfleman ni pwoblèm nan dan.
- **Nou ka bay yon tibebe ki gen plis pase 6 mwa yon ti kantite dlo bouyi oubyen trete nan yon gode ki pa gen bèk epi ki pwòp .**

Bay tibebe ki poko gen 6 mwa lèt
manman sèlman pandan li malad
epi apre maladi a



Bay tibebe ki poko gen 6 mwa lèt manman sèlman pandan li malad epi apre maladi a

- **Lè tibebe w la malad bali tete pi souvan**, pou l pa pèdi pwa epi pou l ka refè pi vit. Bay tibebe w la tete epi rekonfote l anpil lè li malad. Si li refize tete, ankouraje l jis li rekòmanse pran tete a.
- **Bay tibebe w la lèt manman sèlman ak medikaman yo preskri pou li.**
- Si tibebe w la twò fèb pou l pran tete a, ale nan sant sante ki pi pre w la touswit. Tibebe w la ka sewòm oral oswa lòt medikaman.
- Si tibebe'w fòs pou'l bwe let manman an, voye tibebe sa a nan sant sante ki pi pre a touswit. Bebe'w la gen dwa bezwen seròm oral oswa ou lot medikaman.
- **Apre chak maladi bay tibebe w la tete pi plis** pou ede l geri epi gwosi.

Enfòmasyon pou pa bliye pou ajandsante yo

Voye tibebe sa a nan sant sante ki pi pre a touswit.

Enfòmasyon pou tibebe ki poko gen 6 mwa ki gen dyare:

1) ki nan tete:

Bayo anpil tete. Bayo sewòm oral lè li trè dezidrate, aprè chak pou pou dlo. Pa bali okenn lòt bagay.

2) ki pa nan tete:

Bayo lèt espesyal pou tibebe swa lèt anpoud swa lèt likid chak 3 zèdtan anplis dlo potab ak sewòm oral aprè chak pou pou dlo. Pa bali okenn lòt bagay.

Kijan pou w nouri tibebe w la ki gen pi plis pase 6 mwa pandan li malad epi aprè maladi a



Lè li gen dyare, ba l seròm oral

Kijan pou w nourri tibebe w la ki gen pi plis pase 6 mwa pandan li malad epi aprè maladi a

- **Bay tibebe w la tete pi souvan pandan maladi a**, pou ede l geri, pou l pa pèdi pwa epi pou l reprann fòs li pi vit.
- **Tibebe w la bezwen plis manje ak plis likid pandan l malad.** Si apeti l bese, ankouraje l manje ti moso manje tanzantan. Ba l manje ki senp tankou labouyi epè epi pa bali manje ki genyen anpil sèl ak grès oswa ki gen piman.
- **Si tibebe w la gen dyare, li pi bon pou l kontinye manje.** Bali lèt manman sèlman, pa ajoute lòt lèt nan manje l.
- Pa bay tibebe w la bwè kola, ji sikre, te oswa kafe. Pa ba l manje bonbon dous ak sirèt.
- Pandan 2 semèn ki swiv maladi a, ankouraje tibebe w la pou l manje yon manje anplis chak jou. Epi tou, ajoute yon diplis nan chak manje yo. Sa ap ede l reprann pwa li pèdi a.

Enfòmasyon pou pa bliye pou ajandsante:

Voye tibebe malad la nan sant sante ki pi pre l la.

Enfòmasyon pou tibebe ki gen pi plis pase 6 mwa ki gen dyare:

1) ki nan tete:

Bayo anpil tete, anplis sewòm oral aprè chak pou pou dlo. Yo bezwen manje tou.

2) ki pa nan tete:

Bayo anpil likid, anplis sewòm oral aprè chak pou pou dlo. Yo bezwen manje tou.

Pa fè tibebe youn sou lòt pi bon pou sante pa w ak sante tibebe w la



Pa fè tibebe youn sou lòt pi bon pou sante pa w ak sante tibebe w la

- **Lè w pa fè tibebe youn sou lòt sa pèmèt ni oumenm ni tibebe w la pi ansante.** Lè w kite kèk lane pase anvan w fè yon lòt tibebe, sa pèmèt ou genyen:
 - plis tan pou w bay tibebe w la tete epi jwenn plis tan pou w okipe l
 - plis tan pou w reprann kò w anvan w ansent ankò
 - plis lajan pou fanmi an paske w ap gen mwens lajan pou depanse pou lekòl, rad ak soulye, manje elatriye.
- **Pa fè tibebe youn sou lòt vle di kite ant 3 e 5 lane pase ant chak tibebe.** Li pi bon pou w tann tibebe w la gen 2 oubyen 3 zan anvan w ansent ankò. Li bon tou, lè w kontinye bali tete jis li rive 24 mwa epi pou w tann yon lòt 6 mwa anvan w ansent.
- **Si pandan 6 premye mwa yo ou bay tibebe w la tete sèlman sa ap pèmèt ou pa ansent touswit.** Lè w bay tibebe w la tete sèlman pandan 6 premye mwa yo, ou pa p tonbe ansent:
 1. si ou nourri l ak lèt pa w sèlman
 2. si l poko gen 6 mwa
 3. si règ ou poko retounen.

Metòd planin famiyal sa a rele « Metòd Alètman Matènèl ak "Amenore" oubyen ankò MAMA. Si youn (1) nan 3 kondisyon sa yo chanje, ou ka tonbe ansent ankò.
- **Ankouraje manman tibebe a ak mari l/misye l pou yo mande konsèy sou metòd planin ki pibon pou yo swiv.**

Enfòmasyon pou pa bliye pou ajandsante:

Aprè MAMA a gen lòt metòd planin. Eseye konnen ki metòd disponib nan sant sante ki pi pre w la ak ki metòd planin yon manman k ap bay tibebe tete kapab swiv.

Kontwole kijan tibebe w la ap grandi epi devlope



Kontwole kijan tibebe w la ap grandi epi devlope

- Swa nan pòs rasambleman swa nan sant sante, **toujou kenbe randevou pou w al peze pitit ou chak mwa.** Nan chak vizit, ajandsante oubyen mis la ap make kote ki koresponn ak pwa tibebe w la nan kat chemen lasante a. Konsa w ap swiv kijan l ap grandi epi devlope.
- **Yon tibebe ansante ki grandi byen fè yon ti gwosi chak mwa.** Si tibebe w la pa gwosi ase oubyen l ap vin piti, sa vle di gen yon pwoblèm.
- **Si w al peze tibebe w la chak mwa, sa ka ede w dekouvri pwoblèm nitrisyon li ka genyen** tankou maras osinon kwachòkò. Pwoblèm nitrisyon sa yo mande tretman rapid rapid avèk yon seri manje espesyal.
- **Pandan seyans pèz tibebe w la, ou ka poze ajandsante a kesyon epi mande l konsèy sou zafè nitrisyon.**
- **Li enpòtan anpil pou eseye rezoud pwoblèm nitrisyon yo touswit.** Ajandsante a ap ba w konsèy sou manje ak nitrisyon epi l ap voye w nan sant sante pou yo ka fè sa ki nesese pou tibebe w la.
- Miss nan sant sante yo mezire kontou bra timoun yo pou senten yo kenbe gwosè yo.

Si w gen jèm SIDA a... Kisa w ka fè pou anpeche tibebe w la pran maladi a?



Si w gen jèm SIDA a... Kisa w ka fè pou anpeche tibebe w la pran maladi a?

- **Si w se yon fanm ki gen jèm SIDA a nan san w, ou ka bay tibebe w la jèm nan pandan w ansent, pandan w ap akouche oswa lè w ap ba l tete.**
- **Men tou, se pa tout tibebe ki gen manman ki jèm SIDA ki fèt ak jèm nan. Si w swiv rekòmandasyon ki la yo, gen anpil chans pou tibebe w la pa pran jèm nan :**
 - Pran medikaman espesyal kont jèm SIDA/ARV yo, pou ka diminye chans pou tibebe w la pran jèm nan lè w ansent, pandan w ap akouche oubyen pandan w ap bay tete
 - Akouche nan yon sant sante kote ki gen moun ki resevwa fòmasyon sou sa
 - Nouri tibebe w la ak lèt ou sèlman. Si w fè sa pandan 6 premye mwa yo epi, ou menm ak tibebe w la pran ARV yo pandan tout peryòd alètman an, gen anpil chans pou tibebe w la pa enfekte.
- **Gen manman ki ta vle bay tibebe yo lèt espesyal pou tibebe swa anpoud oubyen likid sèlman pandan 6 premye mwa yo.** Pou ede w deside, mis la pral poze w kèk kesyon (imaj nimewo 26).
- **Lè w ap bay tete epi w gen jèm SIDA a epi w vin gen enfeksyon oswa pwoblèm nan tete, pa tann, ale touswit nan sant sante a.** Pa janm bay tete ak tete malad la anvan li geri.
- **Fòk ou fè bagay ak kapòt pou w evite reprann jèm SIDA a yon lòt fwa epi evite tout lòt enfeksyon ou ka pran nan fè bagay.** Pandan w ansent epi lè w ap bay tete toujou itilize kapòt.

Enfòmasyon pou pa bliye :

- Lè yon manman gen jèm SIDA, li dwe fè tès SIDA pou tibebe l la ant 4 e 6 semèn.
- Si tès SIDA tibebe a **pozitif**, tibebe a dwe bwè lèt manman sèlman jouk li rive 6 mwa. Lè li gen 6 mwa, anplis tete a li bezwen lòt kalite manje. Lè li gen 6 mwa, anplis tete a li bezwen lòt kalite manje. Li dwe kontinye tete jouk li rive 24 mwa oubyen plis. Tibebe a dwe swiv nan sant sante, li pa janm dwe rate yon randevou.
- Si tès SIDA tibebe a **negatif**, tibebe a oubyen manman l dwe resevwa oubyen kontinye resevwa ARV yo pandan tout peryòd alètman an si ARV yo disponib. Tibebe a dwe bwè lèt manman sèlman pandan 6 mwa. Lè li gen 6 mwa, anplis tete a li bezwen lòt kalite manje. Li dwe kontinye tete jouk li gen 12 mwa pou pi piti. Yo dwe kontinye pran ARV yo pandan yon semèn apre tibebe a fin sevre nèt.
- Tibebe a ta dwe sevre selman si manman l ka bali manje ki toujou gen twa kalite manje yo (Kat 26). Si w evalye tibebe a gen anpil chans pou l trape maladi oswa vin gen malnitrisyon li gen plis chans pou l viv ansante si manman l kontinye ba l tete menm si l pa jwenn ARV yo.
- Gen plizyè faktè ki ogmante jan yon manman ki gen jèm SIDA ka transmèt li bay tibebe l la:
 - Si l fèk gen enfeksyon SIDA a, oubyen sistèm iminitè li fèb lè l ansent osinon apre tibebe l la fèt, oubyen ankò si l gen yon enfeksyon nan tete pandan l ap bay tete, tibebe l la pi an danje.
 - Si yon manman ki gen SIDA a fè alimantasyon miks anvan tibebe l la gen 6 mwa, tibebe a gen plis chans pou l pran jèm nan. Alimantasyon miks la se lè w bay yon tibebe ki poko gen 6 mwa tete, epi w ajoute lòt kalite manje ak lòt likid tankou, lèt espesyal pou tibebe, dlo, ji, te ak lòt bagay.

Si w gen jèm SIDA a... Kijan w ka chwazi nouri tibebe w la ki poko gen 6 mwa?



Si w gen jèm SIDA a... Kijan w ka chwazi nouri tibebe w la ki poko gen 6 mwa?

Kijan w ka nouri tibebe w la ki poko gen 6 mwa?

Lèt manman sèlman pandan 6 premye mwa yo

- Lèt manman sèlman pandan 6 premye mwa yo diminye chans pou w bay tibebe w la jèm SIDA a.
- Lèt manman sèlman plis medikaman ARV yo diminye chans la pi plis ankò.
- Lè w bay tibebe w tete sèlman, li benefisye tout avantaj lèt manman an genyen, epitou li pwoteje l kont dyare ak lòt maladi.
- Si w vin gen pwoblèm nan tete, ou dwe ale nan sant sante touswit. Yo kapab ankouraje w pou pire lèt la epi trete l ak chalè yon fason pou tibebe w la bwè li pandan w ap bay tete a chans pou l geri (gade enfòmasyon ki ekri pi ba a).
- Tibebe w la dwe tete sèlman, pa janm ba l lòt manje tankou lèt espesyal pou tibebe, dlo, ji, te oswa soup. Se sa yo rele nan lang franse "alimantasyon miks". Sonje, anvan tibebe w la gen 6 mwa, trip li wòwòt se lèt sèlman li kapab dijere. Lè tibebe w la pran alimantasyon miks la li gen plis chans pou l trape jèm SIDA a ak anpil lòt maladi.

Lèt espesyal pou tibebe swa anpoud oswa likid pou tibebe sèlman pou premye 6 mwa yo

- Lèt espesyal pou tibebe swa anpoud oswa likid sèlman pandan 6 premye mwa diminye chans pou yon tibebe pran jèm SIDA a nan lèt manman l.
- Men tou, lèt espesyal pou tibebe swa anpoud swa likid sèlman pa pwoteje tibebe w la kont maladi menm jan ak lèt manman. Tibebe w la plis gen chans gen dyare ak tout lòt enfèksyon epitou li ka vin devlope malnitrisyon paske li pa jwenn bonjan rezistans ki nan lèt manman an.

Enfòmasyon pou pa bliye sou tretman lèt manman ak chalè

Tretman lèt manman ak chalè pou yon manman ki gen jèm SIDA rekomande sèlman nan 4 kondisyon sa yo :

- si toulede tete yo enfekte oswa yo blese (gen maleng)
- lè yon tibebe twò piti lè l fèk fèt, epi fòk yo pire lèt la ba l bwè paske li pa ka pran tete a
- si manman an fèk trape jèm SIDA a
- si manman kòmanse sevre ti bebe a.

Men teknik pou trete lèt manman ak chalè :

1. pire lèt la, mete l nan yon veso an vè ki pa kouvri epi mete veso a nan yon chodyè ki gen yon valè dlo frèt ki pi plis pase kantite lèt ki nan veso a.
2. chofe dlo a jis li make bouyi, lè w wè gwo boul anba l
3. retire veso ki gen lèt la epi mete l nan yon bòl dlo frèt pou lèt la ka frèt vit; kouvri veso a. Si li pa posib konsa, kite lèt la pran lè pou l ka refwadi.
4. Lèt trete ak chalè kapab konsève pandan 6 zèdtan. Toujou sonje kite veso a chita nan dlo a. Lè ou pa gen yon kote frè, fòk bebe bwè li anvan 4 èd tan pase.

Enfòmasyon pou pa bliye pou prestatè sante sou lèt bèf ak lèt kabrit

Li pa rekòmande pou yo bay tibebe lèt bèf ak lèt kabrit ankò. Men, KÈK FWA, lè yo pa ka jwenn lèt espesyal pou tibebe swa anpoud swa likid, yo kapab itilize lèt bèf lèt kabrit pandan y ap dekoupe l ak dlo. Yo ka ajoute tou yon ti kras sik. Sonje byen sa se pa pou manman k ap bay lèt espesyal pou tibebe.

Kesyon pou ede w chwazi kouman pou nouri tibebe w la ki poko gen 6 mwa

A = Akseptab

F = Fezab

A = Abòdab

D = Dirab

S = Sèten

Kesyon pou ede w chwazi kouman pou nourir tibebe w la ki poko gen 6 mwa

Nòt enpòtan:

- Imaj sa a pa pou ajansante. Konsèy sou jan yon tibebe dwe manje lè manman l gen jèm SIDA se prestatè sante ki resevwa fòmasyon PTME sèlman ki kapab bay yo.
- Bay konsèy sou SIDA konsène prestatè ak kliyan sèlman sòf si kliyan vle yon lòt moun la nan moman an.

Men kijan pou w konnen si sa w chwazi a bon pou kenbe tibebe w la ansante :

1. Eske w ka achte lèt espesyal pou tibebe sèlman pandan 2 zan pou pi piti ?
2. Eske w ka peye machin pou al achte l chak fwa w bezwen l ?
3. Eske w ka achte dlo pwòp oswa w ka depanse pou w bouyi dlo a pandan en (1) nan ?
4. Eske w ka bay tibebe w la bwè lèt sèlman 8 fwa pa jou pou pi piti?
5. Eske nan zòn w ap viv la yo vann lèt espesyal pou tibebe sèlman toutan ?
6. Eske w kapab leve prepare lèt la plizye fwa lanwit sitou lè tibebe a piti ?
7. Si w pa bay tete eske y ap lonje dwèt sou w ?
8. Si sa fèt, eske w ka reziste anba presyon moun k ap viv bò kote w (alantou) ki vle w bay tete ?
9. Eske w gen latrin ?
10. Eske w pa rete twò lwen yon sant sante ?

Si tout repons yo se WI, ou ka bay tibebe w la lèt espesyal pou tibebe swa anpoud swa likid. Si menm yon sèl nan repons yo se NON, bay tibebe w la tete sèlman pandan 6 premye mwa yo.

Kouman pou nourir tibebe w ak lèt espesyal anpoud pou tibebe sèlman?

1



2



5



3



4



Kouman pou nourri tibebe w ak lèt espesyal anpoud pou tibebe sèlman?

- **Asire w ou toujou genyen kèk bwat lèt anpoud pou tibebe sèlman sere lakay ou.** Konsa w ap genyen lè famasi a pa gen pou vann.
- **Distans pou tibebe w la rive 12 mwa, w ap bezwen plis pase 90 bwat lèt, ki vle di 30 000 goud apepre pou achte lèt sèlman pou premye lane li.**
- **Prepare lèt anpoud pou tibebe w la touswit anvan w bali l epi itilize l anvan 1 èdtan pase sou li.** Si gen plis tan ki pase, jete rè s la.
- **Asire w pou w gen dlo pwòp pou melanje ak lèt anpoud la.** Si w kapab, ou ka prepare kantite dlo w ap bezwen pou tout jounen an. Kite dlo a bouyi nèt, tann 2 minit anplis epi vide l nan yon tèmòs oubyen yon veso pwòp ki kouvri ki sèvi pou dlo bouyi sèlman.
- **Lave tout veso yo ak dlo ak savon epi kite yo cheche nan solèy.**
- **Lave men w ak dlo ak savon, souke yo epi kite yo cheche nan lè.**
- **Prepare tout veso w ap bezwen yo.** Pou w mezire dlo bouyi a, toujou itilize yon gode oubyen yon veso ki la pou mezire dlo bouyi sèlman. Toujou mezire lèt ak ti mezirèt ou jwenn nan bwat lèt la, konsa w va pran kantite lèt ou dwe pran an.
- **Si tibebe w la pa bwè tout, pa sèvi ak rè s la ankò, sa ka fè l malad.** Bwè l ou menm oswa fè labouyi avè l pou ou.
- **Toujou itilize yon gode ki pa gen bèk epi ki pwòp pou w bay tibebe w la bwè.** Menm yon tibebe ki fèk fèt ka aprann bwè nan gode byen vit. Pa sèvi ak bibwòn, sisèt oubyen gode ki gen bèk. Bagay sa yo difisil pou netwaye, kidonk yo ka bay tibebe w la maladi.
- Si gen yon lòt moun ki dwe bay tibebe w la lèt osinon lè oumenm dwe bali lèt lanwit, mezire kantite dlo bouyi a ak poud lèt la alavans, san w pa melanje yo. Yo dwe melanje lèt tibebe w la pare pou l bwe lèt la.
- **Si w pran pann lèt an poud ou pa dwe bay tete, piga w ajoute plis dlo,** pou fè lèt la dire pi plis. Pito w bay tibebe a lèt bèf ak lèt kabrit dekoupe ak dlo ki gen yon ti sik ladann. Miss nan sant sante a ap eksplike w kijan pou prepare lèt dekoupe a.

Enfòmasyon pou pa bliye pou prestatè sante

- Ou dwe fè demonstrasyon sou preparasyon lèt espesyal anpoud pou tibebe sèlman, pou tout manman ki chwazi bay tibebe yo manje konsa.
- Si lèt espesyal anpoud pou tibebe a fini, veye pou manman an pa bay tibebe a tete. Ba l konsèy sou kijan pou li prepare lèt bèf ak lèt kabrit dekoupe a epi mete yon ti sik ladann. Ekri kantite yo sou yon moso papye epi fè l ale lakay li avèk papye a.
- Fòk ou bay manman an randevou pou w kapab swiv tibebe a.
- Opsyon lèt espesyal anpoud pou tibebe mache avèk medikaman ARV yo tou, ni pou manman an, ni pou tibebe a (pou tibebe a depi li fèk fèt rive 6 semèn).

Kouman pou nourir tibebe w ak lèt likid espesyal pou tibebe sèlman?

1



2



5



3



4



Kouman pou nourri tibebe w ak lèt espesyal anpoud pou tibebe sèlman?

- **Asire w ou toujou genyen kèk bwat oswa boutey lèt likid espesyal pou tibebe sèlman sere lakay ou.** Konsa w ap genyen l lèt famasi a pa gen pou vann.
- **Distans pou tibebe a rive 12 mwa, w ap bezwen plis pase 2200 bwat 8 ons lèt.**
- **Kite bwat yo fèmen epi mete yo yon kote ki pa mouye, ki pa gen imidite ni ki pa twò cho nonplis.**
- **Lave gode a ak dlo pwòp ak savon epi kite yo cheche nan solèy.**
- **Lave men w ak savon ak dlo pwòp, souke yo epi kite yo cheche nan lèt.**
- **Anvan w louvri bwat oswa boutèy la, netwaye kouvèti li ak yon twal ki pwòp.**
- **Byen sekwe bwat oswa boutèy la anvan w louvri l.** Vide kantite tibebe w la bezwen nan yon gode. **Pa ajoute dlo.**
- **Si 1 èdtan pase sou li ou pa kapab bay tibebe w la rèl la.** Ou mèt bwè rèl la osinon fè labouyi avè l pou w.
- **Si w ka konsève lèt la nan frijidè,** kouvri bwat oswa boutèy la epi kite rèl la ladan l nan frijidè a nan yon tanperati 35-40°F (2-4°C); sèvi avè l anvan yon jounen (swa 24 trè) pase sou li. Pa janm kite l vin di kou glas.
- Si w te mete l nan frijidè, kite l pran lèt pou l pa glase ankò epi sekwe l byen anvan w bay tibebe w la bwè l. Si w louvri yon bwat oswa yon boutèy ou pa dwe kite 1 èdtan pase san w pa mete l nan frijidè.
- **Toujou itilize yon gode san bèk epi ki pwòp pou w bay tibebe w la manje.** Menm yon tibebe ki fèk fèt aprann bwè nan gode byen vit. Pa sèvi ak bibwon, sisèt oubyen gode ki gen bèk. Bagay sa yo difisil pou netwaye, yo ka bay tibebe w la maladi.
- **Si w pran pann lèt likid pou tibebe w la ou pa dwe bay tete, piga w ajoute plis dlo,** pou fè lèt la dire pi plis. Pito w bay tibebe w la lèt bèf ak lèt kabrit dekoupe ki gen ti sik ladann.

Enfòmasyon pou pa bliye pou prestatè sante

- Ou dwe fè demonstrasyon sou itilizasyon lèt likid espesyal pou tibebe pou tout manman ki chwazi bay tibebe yo manje konsa.
- Si lèt likid espesyal pou tibebe a fini, veye pou manman an pa bay tibebe a tete. Ba l konsèy sou kijan pou l prepare lèt bèf ak lèt kabrit dekoupe, epi mete yon ti sik ladann. Ekri kantite yo pou li sou yon moso papye epi fè l ale lakay li avèk papye a.
- Fòk ou bay manman an randevou pou w kapab swiv titibebe a.
- Opsyon lèt likid espesyal pou tibebe mache avèk medikaman ARV yo tou, ni pou manman an, ni pou titibebe a (pou tibebe a depi li fèk fèt rive sis semèn).

Pale ak travayè lasante yo sou kilè ak kijan pou sevre tibebe w la



Pale ak travayè lasante yo sou kilè ak kijan pou sevre tibebe w la

- **Tibebe bezwen kontinye tete manman yo jis rive 24 mwa** pou yo ka byen grandi epi devlope. Sa pa p bayo vè.
- **Prepare tibebe w la pou sevre l pou l pa tris.** Pale ak avè l, fè l konnen w anvi kanpe sou ba l tete.
- **Pa sevre l toudenkou, fè sa ofiyamezi.** Yon mwa anvan w sevre l diminye sou kantite fwa w konn ba l tete a epi bali plis manje, karese l anpil, jwe avè l.
- **Ou gen dwa pran yon mwa pou w sevre l.** Yon tibebe ka decide pa tete pandan kèk jou epi, retounen nan tete a ankò. Kite li, se nòmal, kontinye konsa jis li refize tete a nèt pou kont li.
- **Sevraj se yon gran chanjman pou tibebe w la ! Lè w decide retire yon tibebe nan tete fòk ou fè atansyon pou w pa vin pote lòt chanjman enpòtan nan abitud tibebe li.**
- Lèt ki nan tete w yo pa gate lè tibebe w la sote kèk jou li pa tete. Ou pa dwe fè l bwè okenn remèd lakay pou “volè tete”. Tibebe w la pa “vòlè tete”, se pwosesis retire l nan tete a ki komanse, li pap gen pwoblèm lasante.
- Lè w retire tibebe w la lan tete, li enpòtan pou w bali anpil manje ki prepare ak lèt epi pou w ba l bwè lèt tou. Fòk ou toujou ba l manje 3 manje kwit ak 2 ti goute chak jou : manje san lèt, manje ak lèt, epi ba l bwè lèt.

Enfòmasyon pou prestatè sante toujou sonje sou jèm SIDA

- **Manman ki konnen yo gen jèm SIDA** (men tibebe yo pa enfekte oubyen yo pako fè tès SIDA a pou yo) dwe kontinye bay tete pandan 12 premye mwa yo. Yo ta dwe retire tibebe yo nan tete SELMAN SI yo ka bayo manje ki toujou gen twa kalite manje yo.
- Si w evalye tibebe a gen anpil chans maladi oswa malnitrisyon, li gen plis chans pou l viv ansante si manman an kontinye bal tete jouk li gen 24 mwa (2 zan), menm si li pa jwenn ARV yo.
- Tibebe a dwe manje manje 3 manje kwit ak 2 ti goute chak jou: manje san lèt, manje prepare ak lèt, epi ba l bwè lèt.
- Manman ak tibebe a dwe pran ARV yo pandan yon semèn apre tibebe a fin sevre.
- Li pa rekòmande pou retire yon tibebe nan tete bridsoukou fè sa ofiyamezi jis li kite tete a nèt pou kont li. Sa pran yon mwa pou l fin sevre nèt.
- Yon manman kapab pire lèt li epi trete l ak chalè pandan peryòd sevraj la pou li diminye sou danje bay tibebe l a jèm nan.

Kilè pou mennen pitit ou nan sant lasante?



Ki lè pou mennen tibebe w nan sant sante?

- **Mennen tibebe w la touswit wè yon ajandsante oswa nan sant sante si w wè li bay youn nan siy sa yo :**
 - Li refize tete oubyen manje epi li fèb
 - Li gen vomisman (tousa l manje l vomi l)
 - Li gen kriz
 - Li gen pwoblèm nan respirasyon:
 - li respire rapid
 - souf li an lè, l ap toufe
 - anba lestomak li monte desann
 - Li gen tous sou li depi plis pase twa semèn
 - Li gen dyare (poupou dlo plis pase 3 fwa pa jou pandan 2 jou, gen san nan poupou li, je tibebe a nan vin fon). Lè tibebe w la ap fè dan, si l gen dyare, mennen l nan sant sante
 - Li gen lafyèv (gen dwa se malarya)
 - Li souffri malnitrisyon (li pèdi pwa, kò l anfle)
 - Li lage kò l (li fèb, li pa bouje).
- **Mennen tibebe w la al pran vaksen, ak vitamin A, jan ajandsante a te eksplike w. Pa rate randevou w.**
- **Swa nan pòs rasanbleman swa nan sant sante, toujou kenbe randevou pou w al pran pwa tibebe w la chak mwa.** Pandan chak vizit, ajandsante a oubyen mis la ap make kote ki koresponn ak pwa tibebe a sou kat chemen lasante a. Konsa w ap swiv kijan l ap grandi epi devlope.

Enfòmasyon pou prestatè sante toujou sonje sou jèm SIDA

- **Si yon manman gen jèm SIDA, rive 4 a 6 semèn aprè akouchman li dwe fè tès pou tibebe l la.** Se yon bagay enpòtan k ap pèmèt toulede resevwa tretman ak swen espesyal yo bezwen.
- Li dwe al konsilte chak kat semèn ak tibebe a.
- Pandan tout tan manman an ap bay tibebe a tete, li rekòmande pou ni li ni tibebe a pran ARV yo.
- 4 semèn apre tibebe a fin fèt, ou ka bali kareman cotrimoxazol si se lèt sèlman yo bali.
- Chak 6 mwa fè tès CD4 la pou tibebe a epi bali medikaman li bezwen yo.
- Veye eta nitrisyonel epi eta sante ni manman ni tibebe a.
- Veye enfeksyon nan bouch tibebe a, li ka enfekte tete manman l.

Enfòmasyon pou ajandsante toujou sonje sou jèm SIDA

Si manman an gen jèm SIDA, enkouraje l mennen tibebe a nan tout randevou yo.